



Mayor's Office of
Immigrant Affairs



LIBERASYON KONDITIONÈL (PAROLE-IN-PLACE) POU MARI OSWA MADANM SITWAYEN AMERIKEN KI SAN PAPYE

Nan dat 18 Jen 2024, gouvènman federal la te anonse yon nouvo pwogram yo rele Parole-in-Place pou mari oswa madanm sitwayen Ameriken ki san papye ak pitit yo. Pwogram sa a pèmèt moun ki kalifye yo aplike pou yon kat rezidans san yo pa bezwen kite Etazini. Nou espere aplikasyon an ap disponib apati 19 out 2024.



Ou pa ka aplike pou pwogram sa a anvan 19 Out 2024. Nenpòt aplikasyon ki soumèt avan dat sa a gouvènman federal la ap refize li. Si ou enterese nan pwosesis sa a, konsidere kreye oswa mete ajou kont [myUSCIS](https://my.uscis.gov) ou a nan my.uscis.gov.

Kisa ki Parole-in-Place?

Parole-in-Place se yon pwogram espesyal ki pèmèt ou rete nan peyi a legalman, menm si ou antre san pèmisyon. Pwogram nan kounye a disponib pou kèk manm fanmi pèsonèl militè Ameriken, men apre anonse Prezidan Biden an, kèk mari oswa madanm sitwayen Ameriken ki san papye, ak pitit yo, ap kapab aplike.

Ki sa nouvo anons sa a vle di pou mwen?

Moun ki jwenn apwobasyon pou Parole-in-Place ka evite deportasyon epi aplike pou yon kat rezidans san yo pa bezwen kite Etazini. Pwogram nan ba ou pèmisyon tanporè pou rete Ozetazini pandan wap regle sitiyasyon legal ou.

Si ou jwenn apwobasyon, ou pral jwenn pèmisyon pou 3 zan. Pandan tan sa a, ou ap kapab aplike pou yon pèmi travay epi aplike pou yon kat rezidans san ou pa bezwen kite Etazini."

Egzijans pou ou Kalifye

Pou kalifye pou nouvo pwogram sa a, ou dwe:

- Ou dwe ap viv Ozetazini depi 10 lane oswa plis, apati 17 Jen 2024.
- Ou te marye legalman ak yon sitwayen Ameriken depi 17 Jen 2024, OSWA ou se pitit yon moun ki marye ak yon Sitwayen Ameriken, epi
- Ou pa dwe gen okenn dosye kriminel ki ka diskalifye ou."

Ki dokiman ou ap bezwen?



Ou pral bezwen dokiman pou pwouve:

- **Idantite ou** - nenpòt dokiman ki montre non ou, dat nesans ou, ak foto ou. Egzanp: paspò oswa sètifika nesans (batistè).
- **Ou ap viv Ozetazini pou 10 zan depi 17 Jen 2024.** Egzanp: deklarasyon labank, souch peman, deklarasyon taks (enpo) sou revni federal, kontra lokasyon, lèt travay, dosye lekòl, ak dosye medikal.
- **Ou te marye ak yon Sitwayen Ameriken depi 17 Jen 2024.** Egzanp: sètifika maryaj, lisans maryaj.
- **Mari oswa madanm ou se yon Sitwayen Ameriken.** Egzanp: Paspò, Sètifika Nesans (Batistè), oswa Sètifika Natiralizasyon.

Pou yon timoun, yo pral bezwen dokiman pou pwouve:

- Yo te ap viv Ozetazini depi 17 Jen 2024.
- Maryaj paran yo ak yon Sitwayen Ameriken. Gade pi wo a.



1-800-354-0365

Depliyen sa a gen enfòmasyon, se pa konsèy legal. Jwenn èd legal lè w rele Liy Dirèk pou Sipò Legal Imigrasyon (Mayor's Office of Immigrant's Affairs, MOIA) **Lendi a Vandredi, 9AM rive 6PM.**